

## Vaksen kont COVID-19 pou moun ki gen Medicare



**Konbyen vaksen an koute?** Ou pa gen anyen w ap peye pou vaksen an!



**Ki kote mwen ka pran vaksen an?** Vaksen kont COVID-19 disponib nan famasi, klinik, kabinè doktè, lopital epi menm lakay. Pou jwenn yon vaksen pre lakay ou a gade nan [www.vaccines.gov](http://www.vaccines.gov).



**What do I bring?** Vini avèk kat Medicare wouj, blan, epi ble ou a lè w ale nan randevou ou an, menm si ou gen Medicare Advantage Plan. Otreman, ou gendwa gen pou w bay nimewo sekirite sosyal ou a pou yo verifye ou gen Medicare.



**M gen tan vaksinen. Èske se pou m pran yon vaksen rapèl.** Si w alaj 65 lane oubyen ou pi gran oubyen ou gen risk medikal, li gendwa rekòmande pou w pran yon vaksen rapèl. Pale avèk doktè k ap suiv ou a pou w gen plis enfòmasyon.

**Ou po ko deside?** Vyeya gen anpil risk si yo trape COVID-19. Plis pase 80% sitwayen Etazini Damerik ki alaj 65 lane oubyen pi gran deja vaksinen, men pisantaj la gendwa mwens kote w ap viv. Pou aprann plis sou vaksen an gade nan [www.cdc.gov/coronavirus](http://www.cdc.gov/coronavirus).

**Èske w bezwen èd nan Medicare?** Jwenn èd lokal san patipri nan men pwogram pou èd nan asirans medikal leta a (State Health Insurance Assistance Program, SHIP). Sonnen [877-839-2675](tel:877-839-2675) oubyen jwenn yo nan [www.shiphelp.org](http://www.shiphelp.org).

**Note byen :**

*Piblikasyon sa a gen sipò Health Resources and Services Administration (HRSA) nan biwo U.S. Department of Health and Human Services (HHS) antanke yon prim ki yon total \$15,000 avèk san finansman sous ki pa gouvènmantal. Kontni a se pa otè a epi li pa nesesèman reprezante opinyon ofisyèl, ni yon andòsman, HRSA, HHS, oubyen gouvènmant peyi Etazini Damerik. Pou plis enfòmasyon, gade tanpri nan HRSA.gov. Dokiman sa a soutni tou, an pati, pa nimewo sibvansyon 90SATC0002 nan Administration for Community Living (ACL), Department of Health and Human Services, Washington, D.C. 20201. Nou ankouraje benefisyè ki antreprann pwojè sou parennaj gouvènmant an di ak tout libète sa yo konstate epi tou sa yo konkli. Pwennvi oubyen opinyon yo pa nesesèman reprezante politik ofisyèl Administration for Community Living.*